

Reponn kesyon ou yo sou Vaksen COVID-19 la

Èske vaksen COVID-19 la san danje? Li te devlope twò rapid.

Wi. Etazini asire ke tout vaksen yo san danje ke posib. Syantifik yo te devlope vaksen COVID-19 yo rapidman, men te toujou ap swiv menm etap sekirite yo ki ap swiv pou tout vaksen yo. Divès milyon moun diferan ras ak etnisite gentan vaksinen.

Èske vaksen COVID-19 yo ap travay kont varyan yo?

Wi. Lè viris yo chanje, yo rele yo varyan. Divès etid sigjere ke vaksen COVID-19 yo founi pwoteksyon kont varyan aktyèl yo. Menm si yon moun ki vaksinen vin enfekte avèk COVID-19, yo p'ap vin malad paske yo t'ap malad si yo pa t vaksinen.

Èske vaksen COVID-19 yo ap ban mwen COVID-19?

Non. Vaksen COVID-19 lan pa genyen viris vivan ladan l. Vaksen COVID-19 yo ak travay nan anseye sistèm iminitè ou kijan pou goumen kont viris ki lakoz COVID-19 la. Pafwa sa kapab lakoz sentom, tankou lafyèv. Sentom sa yo nòmal. Se jis kèk siy ki montre kò ou ap konstui pwoteksyon kont viris la.

Èske li san danje pou pran yon vaksen COVID-19 si mwen ta renmen fè yon bebe yon jou?

Wi. CDC rekòmande yon vaksen COVID-19 si w ap eseye vin ansent kounye a oubyen ta kapab vin ansent alavni. Pa genyen okenn prèv ke yon vaksen ap lakoz pwoblèm fètilite nan medam yo oubyen mesye yo. Sa enkli vaksen COVID-19 yo.

Èske yon moun ki ansent oubyen k'ap bay timoun tete kapab pran yon vaksen COVID-19?

Wi. CDC ak American College of Obstetricians and Gynecologists rekòmande vaksen COVID-19 pou moun ki ansent yo oubyen k'ap bay timoun tete yo. Enfeksyon COVID-19 pandan gwosès la ogmante risk maladi grav ak timoun ki fèt prematire. Avantaj pou pran vaksen COVID-19 pandan gwosès gen plis enpòtans pase risk ki posib yo. Si ou gen kesyon, pale avèk founisè swen sante ou.

